

CAL Russert dan istrinya Rosie — yang tengah mengunjungi teman-teman mereka di dekat kota Good Samaritan — mendapat telepon dari pengasuh bayi mereka bahwa putra mereka, Cal Jr, tiba-tiba sakit karena masalah perut.

“Ini terakhir kali saya meninggalkan-nya dengan pengasuh itu,” ucap Rosie.

“Itu bukan salahnya. Kamu tahu kan bagaimana anak kita.” Cal menghibur istrinya.

“Aku tahu. Aku merasa lebih baik kita pulang,” desak Rosie.

“Kita akan pulang dan sampai di rumah secepatnya,” ujar Cal.

Cal adalah seorang sopir truk kendaraan roda delapan belas. Dia hafal betul jalan-jalan di daerah itu seperti ia mengenal punggung tangannya. Dalam perjalanan pulang, mereka mendapati sebuah truk biru yang terjungkal.

“Apa itu? Oh, Cal, tampaknya parah.” Rosie berkata cemas.

“Benar-benar parah. Kamu tunggu saja di sini. Aku akan turun melihatnya,” ucap Cal.

“Baiklah, hati-hati!” Rosie mengingatkan suaminya.

Sebagai seorang sopir, Cal menguasai beberapa latihan dasar dalam pertolongan pertama dan teknik menyelamatkan jiwa, tetapi dia tidak yakin mampu menangani situasi ini. Begitu ia mendekati jendela truk tersebut, ia melihat seseorang yang sudah tak sadar di dalamnya.

“Hei! Hei, bisakah kamu mendingarku?” teriak Cal. “Aku harus mengeluarkannya dari sana,” lanjut Cal. Lalu tiba-tiba Rosie turun dari mobil dan mendekati suaminya.

“Cal! Apakah kamu baik-baik saja?” tanya Rosie.

“Tetap di truk, Rosid,” tegas Cal.

Karena tidak ada jawaban dari dalam, Cal lalu memecahkan kaca truk dengan sebuah kunci Inggris yang diperolehnya di samping truk. Ia menarik sopir yang sudah tergeletak dan tak berdaya. Rosie makin penasaran dan turun dari mobil dan bergegas menghampiri suaminya untuk melihat apa yang terjadi. Rosie menanyakan bagaimana keadaan sopir tersebut.

“Tidak ada detak jantung dan tidak ada napas yang keluar,” ucap Cal. Suaminya terus berusaha memberikan napas bantuan dan menekan bagian

dadanya. “Ayo! Ayo, bernapaslah! Ayo!” pekik Cal. Tiba-tiba sopir itu terbatuk-batuk.

“Ya Tuhan, Cal, kamu berhasil melakukannya! Kamu telah menyelamatkannya!” Istrinya berkata histeris.

“Tenang saja, sobat. Kamu akan baik-baik saja. Kami akan membawamu ke rumah sakit.” Cal meyakinkan si sopir yang baru saja siuman.

“Terima kasih,” Jawab si sopir. Cal Russert menyelamatkan nyawa sopir truk biru itu. Ia bernama Sam Singey. Kejadian ini berlangsung hari itu di sebuah jalan sunyi di pinggiran kota Good

sana.

“Hati-hati, Sam.” Istrinya berpesan. Begitu mendekati truk, Sam menemukan sang sopir yang tidak sadarkan diri. Ia memecahkan kaca truk lagi-lagi dengan sebuah kunci Inggris yang ditemukan dekat pintu truk. Istri Sam turun dan menghampiri suaminya.

“Sam, kamu baik-baik saja?” tanya istrinya.

“Kamu tetap di dalam truk. Lihat ada kebocoran diesel di sini. Buruan,” ucap Sam kepada istrinya.

Sam melanjutkan upayanya untuk menyelamatkan sopir itu. Begitu ia menyaksikan wajah si sopir, Sam berkata, “Ini tidak mungkin (dengan wajah kaget tak percaya).” Ia memberi napas bantuan dan menekan bagian dadanya agar yang ditolong bisa bernapas kembali dengan lancar. “Tidak ada detak jantung. Ini tidak berhasil. Ayo, bernapas. Ayo, bernapas!” teriak Sam.

Setelah mencoba beberapa kali, akhirnya terdengar suara batuk panjang dari sopir itu. Istrinya bergegas turun, mendekat suaminya.

“Kamu berhasil, sayang. Apakah dia baik-baik saja?” ucap istrinya.

“Ya, kita harus membawanya ke rumah sakit,” timpal

suaminya.

“Kamu telah menyelamatkan hidupnya, Sam,” lanjut istrinya.

“Itu belum setengahnya, sayang. Pria ini adalah Cal Russert, orang yang sama yang menyelamatkan hidupku lima tahun yang lalu,” ucap Sam dengan mata berbinar-binar. Mereka berdua berpelukan dan membawa Cal ke rumah sakit terdekat.

Sam Singey, seorang pria yang hidupnya diselamatkan oleh Cal Russert, akhirnya menyelamatkan nyawa Cal Russert bertahun-tahun kemudian di kota yang sama, Good Samaritan.

Catatan: Good Samaritan adalah istilah yang berasal dari Alkitab (Lukas 10: 33) yang bermakna orang yang suka beramal atau membantu.

*) Donny Syofyan, dosen Sastra Inggris di Fakultas Ilmu Budaya Universitas Andalas dan alumnus Fakultas Ilmu Budaya Universitas Gadjah Mada. Ia sudah menulis ratusan artikel di media nasional dan luar negeri, sudah menulis lima buku.

Orang Samaritan

Cerpen:
Donny Syofyan



Samaritan.

Lima tahun kemudian, kesempatan untuk membayar kebaikan yang pernah diterimanya beberapa tahun silam muncul. Anehnya kejadian yang dulu terjadi kembali terulang. Kali ini giliran Sam dan istrinya — yang tengah ikut pesta sahabat mereka — memperoleh telepon dari *baby sitter* anaknya yang mengabari bahwa anaknya sakit.

“Aku harap anak kita baik-baik saja,” kata istri Sam dengan cemas.

“Jangan khawatir. Kita akan segera pulang,” ucap Sam.

Sam Singey, pria yang diberi hadiah kehidupan melalui perbuatan baik orang asing, bergegas pulang bersama istrinya untuk merawat anak mereka yang sakit. Dalam perjalanan pulang melewati jalan di kota Good Samaritan di waktu malam, Sam menyaksikan sebuah truk terbalik dengan nyala api kecil tidak jauh dari truk itu. Karena merasa pernah ditolong sebelumnya dengan kejadian yang sama, Sam bergegas turun, melihat keadaan truk dan menyelamatkan siapa pun yang ada di

MEKAR SARI

TANGAN cilik loro katon nyekeli lambe sumur. Ora suwe katon sirah nyungul. Siwi gage mbiyantu bocah kuwi. Nulungi mudhun saka lambe sumur. Ngekep awak cilik sing teles kebes. Sandhangan, sikil, lan tangane reged dening lemah lan lendhut. Sirahe ketemplekan lumut.

“Ah, Dhik ...” Siwi ngekep bocah kuwi. “Tujune isa munggah dhewe. Aku bingung, ra ana sing gelem nulungi.”

Nalika Siwi ngencengi pangekepe, bocah cilik kuwi mben-gok,”Adhuh!”

“Oh, sori, Dhik!” Siwi kaget. Ngeculake pangekepe.

Bocah cilik kuwi nginger awake, nuduhake tatu njlaret rada jero neng sirahe. Sakupeng tatu kuwi katon abuh lan njarem.

Siwi nyawang bocah cilik kuwi sinambi unjal ambegan. Getun. Geneya dheweke ora tumindak apa-apa mau, nalika weruh bocah sing turu kepati kuwi dibopong ibune metu saka omah. Gita-gita ibune si bocah tumuju sumur sinambi tolak-toleh ngiwa nengen. Mesthekekake kahanan sakiwa tengene. Mung ana Siwi neng kono. Lan sajake ibune bocah kuwi, ora weruh dheweke.

Bareng yakin yen ora ana wong liya, wong wedok kuwi tumuju pinggir sumur. Mepetake awake neng lambe sumur. Bocah cilik sing dibopong diangkat sethithik. Tangan kekarone sing sakawit kanggo mbopong, ditarik. Dikipatake. Banjur, plung! Sadurunge Siwi bisa tumindak, bocah cilik kuwi cumemplung sumur.

Sawise nginguk njero sumur sedhela, wong wedok kuwi nginger awake. Noleh ngiwa nengen. Banjur gegancangan bali mlebu omah. Siwi sing sakawit kamitenggengen, gage nyedhaki sumur. Manglungake gulune, nginguk njero sumur.

“Dhik!” bengoke marang bocah neng dhasar sumur. Blegere bocah kuwi ora katon. Mesthine wis klelep. “Enteni sik, aku ... aku



golek bantuwan.”

Rampung celathu, Siwi mencu-lat ninggalake sumur. Dheweke ora ngerti kudu menyang ngendi golek pambiyantu. Utawa sapa sing bisa dijaluki pambiyantu. Kenya cilik kuwi durung suwe neng papan kene. Rong minggu kepungkur, dheweke ninggalake omah. Sauntara lelana, ngerti-ngerti tekan papan iki.

“Pak! Bu! Tulung! Onten lare kecemplung sumur!”

Siwi bengok-bengok. Mlayu. Marani wong-wong sakiwa tengene sumur. Nanging siji wae ora ana sing maelu. Senajan Siwi ngeret tangane, nyurung awake, wong-wong kuwi babar pisan ora ana sing migatekake. Nganti pungkasane Siwi ora mbacutake upayane.

Kanthi nglokro kenya kuwi bali menyang sumur. Arep mesthekake kahanane bocah cilik sing lagi digolekake pitulungan. Nanging jebul bocah kuwi malah wis mentas dhewe saka sumur. “Ayo ganti klambi, Dhik. Ndhak mriyang. Njur sirahmu diobati,” kandhane Siwi karo nggandheng bocah neng ngarepe.

Nanging sing digandheng

suwala. “Rasah, Mbak.”

“Lho, piye, ta?”

“Aku ra perlu obat. Sedhela neh rak wis ra lara.”

“Ketoke rada parah iki, Dhik.”

“Ah, tatune Mbak ra diobati ya mari.” Bocah cilik kuwi nudingi dhadhane Siwi.

“Kuwi! Luwih parah tinimbang nggonku.”

Siwi ndhungkluk. Lagi dheweke nglegawa menawa ana tatu neng dhadhane. Klambi sing dienggo uga ora wutuh. Padha suwek lan gupak getih. Getih sing wis garing. “Kuwi nggon sikil ya iya.” Bocah cilik kuwi celathu nalika Siwi ngiling-ilingi awake. “Tanganmu ya tatu, ki!”

Siwi ora nyana, jebul awake padha tatu. Kenya kuwi mlongo. Geneya awake kebak tatu? Sampirang-pirang. Saawak kojur. Kaya bubar dijojoh-jojoh nganggo lading. Kok dheweke bisa ora nglegawa lan ora krasa lara?

“Aku kena apa ya, Dhik?” pitakone Siwi sing sejatine kanggo awake dhewe.

“Lha ya mbuh,” wangsulane bocah cilik kuwi. “Lha aku wae mau bobuk, tangi-tangi wis neng njero sumur ...”

Krungu wangsulane bocah cilik kuwi, sanalika Siwi kelingan. Sadurunge budhal lelana, dheweke uga nembe wae mapan turu. Wengi kuwi neng omah mung ana dheweke lan bapake. Ibune budhal kerja. Dadi *pemandu lagu* neng sawijining papan karaoke.

Ah ya, pangeling-eling saya cetha. Sadurunge dheweke mapan turu, ibune lan bapake padu rame. Bapake menging ibune kerja neng karaoke. Nanging ibune nekad, amarga ora ana pilihan liya. Ndilalah bapake uga ora genah anggone kerja. Bapake ngamuk. Ibune ora maelu lan bablas metu.

Siwi mapan turu nalika bapake durung lerem anggone nesu. Wong lanang kuwi ngadhul-adhul lemari. Sandhanganane ibune diun-calake neng jogan. Ngapa maneh sawise kuwi, Siwi ora ngerti. Dheweke wis kepati. Mbuh pira suwene anggone turu, ujug-ujug Siwi ngililir. Dhadhane krasa lara. Lara banget. Getih mili neng sakiwa tengene.

Siwi mbengok,”Pak!” Banjur ora kelingan apa-apa. Ngerti-ngerti dheweke wis lelana tekan pangg-onan sing durung tau diambah. Lan pungkasane tekan cedhak sumur iki. Kelingan sakabeh kedadeyan kuwi, luhe Siwi mili.

“Kok nangis ngapa, Mbak?” Bocah cilik kuwi pitakon karo nyawang Siwi. “Eh, Mbak. Kowe ngerti ra, aku kok isa neng njero sumur mau piye?”

Luhe Siwi saya mbrubul. “Kowe ra kelingan? Mau ... kowe digendhong ibumu.”

“Njur?”

Siwi unjal ambegan. Apa iya dheweke kudu kandha”Ibumu sing nyemplungke kowe neng sumur, Dhik.” Ah, dheweke ora mentala. Mesthi atine bocah kuwi bakal lara banget. Kaya atine Siwi, nalika ngerti yen dheweke sejatine wis mati. Diperjaya dening wong-tuwane dhewe. Wong sing sasuwene iki dijagakake kanggo ngayomi.

Sugeng mengeti Hari Anak Nasional 23 Juli.

Oase

Joe Hasan

PADA PUISI

kuserahkan segala gelisah malam ini pada puisi meski tak cukup kata untuk mencin-taimu

pada puisi kurasa sudah cukup rasa itu bicara

(Baubau, 2023)

PADA KAPAL

pada kapal perjalanan mulai terhitung mulut perempuan binal nakal yang mengular seperti asap rokok tak ada habisnya di ruang-ruang pengap mereka bercakap akan menyiksa yang menghisap sebab kenakalan bermula dari tubuhnya

pada kapal perjalanan menipu rute di situ tulisan sungguh tak ada arti bayi-bayi kepanasan terus menangis lalu percakapan terputus saat menemui tubuh yang tak pas-rah tak juga bergerak

(Wanci, 2021)

PADA HARI SENIN

pada hari senin hujan menggenang bumi Wanci raut cemberut guru menanti gaji yang terlambat masuk kantong padahal pertengahan bulan sedang menyal para murid gembira hendak beralasan hujan untuk tidak masuk kelas di rumah saja, berselimut, menumpuk kata-kata dari mamak dan bapak

pada hari senin tak ada upacara seperti biasa berdiri menyiksa waktu menyimak usulan pemimpin upacara yang terus mengulang lalu berhambur menuju rute ruang

menerima pelajaran bahasa indone-sia

ibuatkan satu puisi tentang hari ini perintah guru cantik yang bahenol terus menjaga dandanan agar tak luntur tapi tak mengerti buat apa perintah membikin puisi itu yang penting ikuti jalur kurikulum pandai dan bodohnya murid ialah urusan sendiri

asal saya jadi PNS dan bergaji

(Wanci, 2021)

PADA KEPALANYA

pada kepalanya ada sepercik kata-kata seperti ruang bercahaya ternyata kunang-kunang sedang mendirikan rumah pelan ia memanggil bagi yang tak punya rumah

pada kepalanya aku berteduh dari bisikan yang liar menjebak

(Surabaya, 2020)

PADA TUBUHMU

di tubuhmu jariku pandai melukis mengeja Oktober musim demi musim mendung yang tak terhitung jiwa terangkat melayang melupakan kata-kata sesepuh sejarah yang penuh nyawa melintang begitu saja digaris ingatan

pada tubuhmu aku menyerah menyembah yang tiada dosa-dosa saling mencaci mencari kelemahan lalu menjadi raja

pada tubuhmu aku pernah menyebut satu nama dengan kecemasan masa silam yang nanti-nanti tentu akan bersujud dengan sendirinya

(Baubau, 2020)

*) Joe Hasan, lahir di Ambon pada 22 Februari. Tulisannya pernah dimuat di berbagai media.

Geguritan

Bambang Nugroho

GURITKU

Aku mung bisa nulis gurit
Ana birune langit
Saselane lintang-lintang kumelip
Kareben bisa disawang dieling
Dadiya pepeling aja nganti lali
Sangkan paraning dumadi
Saka ngendi bakal menyang endi,

Aku mung bisa nulis gurit
Linambaran niat becik
Daksebar dakurit
Tharik-tharik dadiya winih
Tuwuh semi mrajik
Wektune kaundhuh kapethik
Mentes kebak isi,

Aku mung bisa nulis gurit
Diece diina ya wis
Daktrima lila ing ati
Ora arep ngopeni uni
Sing nggodha ngregoni
Jroning mlaku ngabekti
Manut dalan sawiji

Bangunjiwo, 22052023

GURITMU

Sampeyan gurit nganggo isine ati
Mrentul tulus larik-larik edi peni
Kakirim lumantar tresna jati
Dirasa njalari larane kapang dadi mari,

Sampeyan gurit nganggo irenge mangsi
Ora ilang kabusek nganggo banyu mili
Diwaca tumanjem ora bakal lali
Nyulet greget nglakone lakune urip kebak ce-curi,

Sampeyan gurit ing rahina apa ratri
Isi wasita adi kenceng dibundheli
Kareben luwih setiti taberi ngati-ati
Nganti ilang rasa sengit dadi asih mring sesa-mi

Bangunjiwo, 19052023